ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№37 (23.445) ● 2017 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 1, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм и Премьер-министр Медведев Д. А. щІыналъэхэм я унафэщІхэм бюджет зэхуаку политикэм пыщІа Іуэхухэмкіэ епсэлъащ. ЗэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А.

«Сочи-2017» инвестицэ зэхуэсышхуэм хиубыдэу Урысейм и Премьер-министр Медведев Дмитрий дыгъуасэ щІыналъэхэм я унафэщІхэм бюджет зэхуаку политикэм пыщІа Іуэхухэм ятеухууэ епсэлъащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІ КІуэкІуэ Юрий.

БЮДЖЕТ зэхуаку зэпыщІэныгъэхэр егъэфІакІуэныр зэІущІэр къыщыдзэІуихым къыхихыгъэщхьэхукІащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщым, къэралым и субъект псоми я зэхуэдэ Іуэхущ.

«ЗэхъуэкІыныгъэ хъарзынэхэр щыІэщ, ауэ ахэр иджыри куэд хъуркъым. ЩІыналъэхэм я бюджетхэм яхуимыкъыр нэгъабэ хуэдэ зыбгъупщІым щІигъукІэ нэхъ мащІэ хъущ - сом меларди 170-м къыщегъэжьауэ сом мелард 12,5-м нэсу къьхащ. Зи Іуэхур зэкІэлъыкІыкІуэ къаІэрыхьэ хэхъуэм нэхъ къэралым и щІыхъуэ нэхъыбэ зытелъ щІыналъэхэм я бжыгъэм кІэроху. ЩІыналъэхэм ятелъ щІыхъуэм хиубыдэу къащта рынок щІыхъуэри нэхъ мащІэ хъу зэпытщ, ауэ итІани щІыхъуэкІэ я зэхуэдитІым щІегъу. ЩІыхъуэхэм япыщІа гугъуехьхэр псоми къызэранэкІын папщІэ бюджет кредитхэр тыным адэкІи пытщэнущ. Дызэрыт илъэсым а мурадым хухахащ сом мелард 200»,

- жиІащ премьер-министрым.

УФ-м и Президент Путин В. В., хэхауэ жиІащ Медведев Д. А., 2025 гъэм нэсыху къэралым и щІыналъэхэм зегъэужьыныкІэ къэрал политикэм и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу Правительствэм къыхихылъхьахэр кьищтащ. Абы хиубыдэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэр бюджет зэхуаку зэпыщІэныгъэхэр бгъэтэмэмыныкрщ. ЩІыналъэ куэдым я псэуКІэр иджыри елъытащ федеральнэ бюджетым къыхэкІ дэІепыкъуныгъэм. «Дэ нэхъри зедгъэубгъащ щІыналъэ бюджетхэм зэрызащІэдгъакъуэ Іэмалхэм. Бюджетхэр къызэрызэгъэпэщащ зэхуэгъэхъуэным трагъэкІуадэ дотацэхэр сом меларди 100 хуэдизкІэ нэхъыбэ ящІащ. Псори зэхэту апхуэдэ дотацэхэр иджыпсту сом мелард 600-м щІегъу. ХощІхэмкІэ къащта къалэнхэр зрызэщІэныкІэ щІыналъэ бюджетхэм зэрыдэІэпыкъу субсидиехэми сом меларди 100 щІагъужащ. ДызыхуэкІуэ илъэсым щегъэжьауэ хэхъуэхэмкІэ налогым къыщІигъум щыщу федеральнэ бюджетым халъхьэр щІыналъэхэм иратыжыну я мурадщ», - жиІащ Правительствэм и Унафэщым.

«Экономикэ зыужьныгъэм зэрыхэхъуэ псынщІагъымрэ инвестицэхэр къызэщІагъэуІэныкІэ япэ ит щІыналъэхэм нэгъабэ лъандэрэ грантхэр хухах. Зэрыщыту къапщтэмэ, мы гъэм абы папщІэ сом мелард 20 ягъебелджылащ. Ахэр ягуэшынущ зи Іуэхур нэхъ зэкІэлъыныкІуэ щІыналъэхэм нэхъыбэ, щІыналъэ нэхъ къулейхэм нэхъ мащІэ ялъысу. Ауэ мыбдеж щІыналъэхэм я унафэщІхэм къалэн пыухыкІахэр къащтэн хуейщ езыхэм я щІыналъэхэм я экономикэм зегъэужьыныным хуэгъэзауэ. Апхуэдэ къалэнхэм хиубыдэнущ хэхъуэхэр нэхъыбэ щІыныр, капитал нэхъыщхьэм халъхьэ инвестицэхэм къыщІегъэгъуныр, лэжьапІэ Іэнатіэщ Іэхэр къызэгъэпэщыныр», - къигъалъэгъуащ Медведев Д. А.

Зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, УФ-м и субъектхэм я унафэщІхэм ящыщу къэпсэлъахэм кьаІэтащ бюджет зэхуаку политикэр егъэфІакІуэным, щІыналъэ бюджетхэм я хэхъуэ Іыхьэр къызэрызэрагъэпэщыр, бюджетым къыхэкІ кредитхэр, дотацэхэр, трансфертхэр къызэрызухуаутІыпщ щыкІэр егъэфІакІуэным, полномочиехэр зэрызэпагуэшым ехьэлІа Іуэхуэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэр.

Сэбэпынагъ къызыпыкІхэмрэ зыри зыпымылъхэмрэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Сочи-2017 Урысей инвестицэ зэхыхьэшхуэм и пленар зэІущІэм хэтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хэтащ Сочи-2017 инвестицэ зэхыхьэшхуэм и пленар зэІущІэм. Ар нэхъыбэу зытеухууэ щытар «Урысейм и щІыналъэхэм хухах инвестицэхэр: щІыналъэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр» Іуэхурщ.

ЗЭІУЩІЭМ и пэщІэдзэм Урысейм и Правительствэм и УнафэщІ Медведев Дмитрий къэралым зегъэужьыныкІэ унэтІыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу экономикэм зэрыхэхъуэ псынщІагъыр къэІэтыныр арауэ зэрыщытыр къыхихыгъэщхьэхукІащ. Абы папщІэ щІыналъэхэм щІэгъэзэхуэбжьауэ зауэжьын икІи а къалэныр дзгъэкІыныкІэ инвестицэхэр нэхъыбэу къагъэсэбэпын, ар и лъабжьэу щыхухэм я псэуКІэр ирагъэфІакІуэн хуейщ, къигъэлъэгъуащ Премьер-министрым. А стратегие мурадыр гъэзэщІэным тещІыхьащ УФ-м и Правительствэм 2017 гъэм щегъэжьауэ 2025 гъэм нэсыху иригъэкІуэныну лэжьыгъэхэм я комплекс планыр.

Дызэрыт илъэсым нэрылъагъуу хагъэхъуащ дотацэхэмрэ субсидиехэмрэ. Абы къыдэкІуэу щІыналъэхэм хуитыныгъэ нэхъыбэ яІэ хъуащ языныкъуэ льготэхэр гъэувыныкІэ, экономикэм и Іэнатіэм пэрытхэм яхудэчыныныкІэ. «Ешы щІыналъэхэм нэхъ тэмэму щыпІьагъунущ льготэхэм ящыщу сэбэпынагъ къызыпыкІхэр, бизнесым и дежкІэ дэІепыкъуэгъу хъуэр, апхуэдэу сэбэпынагъ зыпымылъхэмрэ бюджетыр къызэгъэпэщыныкІэ зэран хъуэхэмрэ. Нэгъабэ щІэздзауэ дз грантхэр ядот щІыналъэхэм ящыщу экономикэм нэхъ псынщІэу зезыгъэужьхэм. 2017 гъэм а мурадым сом мелард тІощІ хухэтхыну ди мурадщ», - къыхигъэщащ Урысейм и Правительствэм и Іэтащхьэм.

2018 гъэм щыщІэдзауэ щІыналъэхэм хуитныныгъэ ягъуэтынущ фейдэм техуэ налогым щыщу къыщІигъум щыщ Іыхьэ езы субъектхэм кьаІэнэжьныныкІэ. «Мыр кьызэрыгуэкІ Іуэхущ: тэмэму лажьэ предприятэу нэхъыбэ щыІэху щІыналъэм псэуПІэу, гъэгуу, школу, сымаджэщу, нэгъуэщІ социальнэ Іуэхущ Іанэ нэхъыбэ ищІыфынущ», - жиІащ Медведев Дмитрий.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

Сочи щекІуэкІ инвестицэ зэІущІэшхуэм утыку къыщІралъхьащ, Тырныауэ и вольфрам-молибден къыщІэхыпІэм лэжьэн щІидзэжмэ, абы и сырьём пкъыгъуэ гъэткІугъуейхэр къыхэзыщІыкІыну Іэнатіэм и проектыр

Сочи-2017 Урысей инвестицэ зэхыхьэшхуэм утыку къыщІралъхьащ Тырныауэ вольфрам-молибден къыщІэхыпІэр лажьэу яутІыпщыжа нэужь, абы и сырьём пкъыгъуэ гъэткІугъуейхэр къыхэзыщІыкІыну Іэнатіэм и проектыр.

ТЫРНЫАУЗ вольфрам-молибден къыщІэхыпІэр зэтегъэувжьыным, вольфрам концентрантымрэ вольфрамым и оксидымрэ къыщІэзыгъэкІыну иджырей технологие льагэхэр зэтегъэувэным хуэгъэза проектыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащІэ.

УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхуэхмкіэ и министр Кузнецов Лев инвестицэ зэхыхьэшхуэм хиубыдэу ТАСС хьыбарегъащІэ агентствэм ирита интервьюм щыжиІащ Тырныауз и вольфрам-молибден къыщІэхыпІэр зэтегъэувэжьныкІэ инвестицэ проектыр хуабжьу егупсысауэ зэрагъэхьэзырар. Ар щыхьэт тохъуэ мы Іуэхум Кавказ Ищхьэрэм и мызакъуэу, зэрыщыту къэралым, абы и дзэ-промышленнэ, станок зыщІ комплексым, социально-экономикэ Іэнатіэхэм я дежкІэ стратегие мыхьэнэщхуэ зэриІэм. «АтІэми, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, мы лэжьыгъэм уней мыльку къыхэзыльхьэну хьэзырхэри къыкъуэкІащ. Апхуэдэщ «Вольфрам» корпорацэр. Абы «Ростех» зэгухьэныгъэм щыгъуу проектым елэжьыну и мурадщ»,- жиІащ министрым.

Мы проектым пыщІа лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІа нэужь, лэжьапІэ Іэнатіэщ Іэу миным нэблагъэ къызэІуахынущ. Проектым ипкъ иткІэ щІы щІагъым щыІэ рудник, сырьер зыгъэбатэ фабрикэ, гидрометаллургическэ завод, ахэр зыхуеину инфраструктурэр ящ Іын папщІэ бюджетымрэ щІыху щхьэхуэхэмрэ я мылькур кьагъэсэбэп. Руда къыщІэхьапІэм и зэфІэкІыр зыхуэдизыр щІэрыщІэну кьабжьыжи къэралым и балансым хагъэхьащ, къыщІэхьапІэр лицензэ кьеІыхьным хуагъэхьэзыращ. Руда къыщІэхьапІэр гъэхьэзырыным елэжьынхэр къыхэхьныкІэ конкурсыр дызэрыт илъэсым ирагъэкІуэныну я мурадщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Тырныауз къалэм и вольфрам-молибден къыщІэхыпІэр зэтегъэувэжьным инвестицэу сом мелард 19 текІуэдэнущ. Абы щыщу сом меларди 5-р федеральнэ бюджетым къиутІыпщыну щогугъ икІи а ахъшэр трагъэкІуэдэнущ Іэнатіэм и инфраструктурэр зэтегъэувэным.

Федеральнэ хьыбарегъащІэ Іэ агентствэхэм кьатахэм ялкъ иткІэ КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэм игъэхьэзыращ.

Сом мелуан 600-м нэблагъэ

Сочи щекІуэкІ инвестицэ зэхыхьэшхуэм хиубыдэу Іэ щІадзащ иджырей томографхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыщІэзгъэкІыным икІи ахэр Кавказ Псы Хущхьэхэм я щІыналъэм къыщыгъэсэбэпыным теухуа документым.

АХЭР щащІынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ «Севкавгген-Д» ООО-м.

Инвестицэхэр псори зэхэту сом мелуан 600-м нобл агъэ.

Федеральнэ хьыбарегъащІэ агентствэхэм кьатахэм ялкъ иткІэ КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэм игъэхьэзыращ.

Республикэм игъэлъэгъуэн и мащІэтэкъым

Сочи щекІуэкІ Урысей инвестицэ зэхуэсыкІуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэлъагъуэ республикэм и агропромышленнэ предприятэхэм я продукцэр.

АХЭР утыку кьралъхьащ «Кавказ Ищхьэрэм зегъэужьныныкІэ корпораци» акционер зэгухьэныгъэм игъэхьэзыра «Кав-каз Ищхьэрэм щащІащ» стендым хэту. Ди щІыналъэм Сочи ишащ щыхуэкІуэхэм фІыуэ ялъэгъуа шхыныгъуэхэр: мыІэрысэхэр, пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадзэкІэхэмрэ кьахащІыкІа консерв лІэужьыгъуэу 9, Іэфыкіэхэр, псы зэмылІэужьыгъуэхэмрэ псы хущхьэхэмрэ, пивэ, шагъырхэр, шампанскэ шагъырыр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэшхуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр хэплъэжащ утыку кьрилъхьэну инвестицэ проектхэм. Абыхэм кьызэщІаубыдэ республикэм и экономикэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэ псори: промышленностыр, агропромышленнэ комплексыр, энергетикэр, транспортыр, туризмэр, псэуПІэ хозяйствэр. Абыхэм ялкъ иткІэ лэжьапІэ Іэнатіэщ Іэу мин 15-м нэблагъэ къызэрагъэпэщыфынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий и унафэщІу а зэІущІэшхуэм хэтщ ди щІыналъэм и Правительствэм и делегацэр.

Федеральнэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іанэ хэм кьатахэм ялкъ иткІэ КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэм игъэхьэзыращ.

● КЪБР-м и Парламентым

Хабзэхэр ирагъэфІакІуэ

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ дыгъуасэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм депутатхэр щыхэплъащ хабзэ зэхуэмыдэхэм я проектхэм.

ПСОМ ягъэ абыхэм зэдзэрзэуэ Іэ яІэтащ КЪБР-м и Парламентым Промышленностымкіэ, транспортымкіэ, связымрэ гъэзгу Іэнатіэмкіэ, Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэкІэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныныкІэ и комитетхэм депутат Іэщын Сергей зэрыкагъэхьэмкІэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэящІэхэм я коллегием жылагъуэм и лІыкІуэу хаъхьэхэм я Іуэхукіэ» КЪР-м и Хабзэм и 2-нэ, 4-нэ Іыхьэхэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм тепсэлъыхьащ КЪР-м и Парламентым Хабзэм тетыныгъэ ягъэужьныкІэ и комитетым и унафэщІ **Кривко Михаил**. Хабзэм къыззрыщІгъэлъэгъуагъэ, КЪР-м и хэящІэхэм я коллегием жылагъуэм и лІыкІуэу хъыхьэну хуитщ УФ-м щыпсэу, зи ныбжьыр илъэс 35-рэ ирикъуа, юридическэ Іэщ Іагъэ зиІэ, щІагъэтІысын мыхъумыщІагъэ зымылэжьа цыхур. Апхуэдэуи абы къэрал Іэнатіэ иІыгъын хуейкъым е Іуэхущ Іанэ гуэрым и унафэщІу щыт хъунукъым.

- ЗэІущІэр ерджэуэ етІуанэу арэзы техуэащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2017 гъэм, 2018 - 2019 гъэхэм тещІыхьауэ» хабзэм зэхъуэкІныгъэ хэлъхьэным. КЪР-м финансхэмкіэ и министр **Лыхъ Заур** къыщІыпсалъэм жиІащ щІыналъэм и хэхъуэмрэ къигъэсэбэпынымрэ сом мелуан 969-кІэ нэхъыбэ зэрыхъунур. Псори зэхэту, 2017 гъэм республикэм къигъэсэбэпыну зыхуеинур сом мелард 29-рэ мелуан 932-рэ мэхъу (нэгъабэ елъытамэ, сом мелуан 818-м щІигъукІэ нэхъыбэщ), и хэхъуэр - сом мелард 27-рэ мелуан 902,6-рэ. Республикэр 2017 гъэм щыщІэнущ сом меларди 2-м щІигъум. УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэхэр ягъэзэщІэн, лэжьакІуэхэм нэхъ мащІэ дыдэу кьахьым хагъэхъуэн мурадкІэ сом мелуан 44,9-рэ гъэтІылъауэ яІэщ.

КЪБР-м и Парламентым и депутат **Рахаев Анатолэ** щІэупщІащ 2017 гъэм и кІэхэм хуэзэу цІыхухэм ику иту кьахьыну я улахуэр зыхуэдэнум. Министрым жиІащ иджыпсту абы и гугъу пщІыну зэрыпасэр, ауэ республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм тепщІыхьмэ, ику иту улахуэр сом мин 20-рэ 680-рэ хъуну зэрыхуагъэфащэр. «Къэлъытатхъэщ апхуэдэ бжыгъэхэр зэдгъэхъулІэн щхьэкІэ, республикэм ахьщэ лей кьилъыхъуэн хуей зэрыхъунур. Сэ сызэреплъыныкІэ, мы зэманым нэхъыщхьэу дызыхущІэхъун хуейр 2016 гъэм дызыхунэсам кьедмыгъэхьажу щытыкІэр зэтедубыдэнырщ. Ауэ, шэч хэмылъу, ди мурадхэр зэдгъэхъулІэным иужь дитынущ», - къыхигъэщащ Лыхьым.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и музей фондыр щІыналъэм и музейхэмрэ ятеухуэу» КЪР-м и Хабзэм кьару имыІэжу кьэлъытэным и Іуэхукіэ» КЪР-м и Хабзэм и проектыр еджэгъуэ етІуанэу депутатхэм пхагъэкІащ. Абы теухууэ къэпсэлъащ КЪР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапіэхэм зегъэужьыныкІэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**. Проектым зэрыщыгъэбелджылащи, мурыт фондым хагъэхьа хъэпшыпхэр кьыззрапщытэмрэ зэрахъумэ щІыкІэмрэ кьэрал псом зы хабзэм щытетынущ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я узыншагъэр зэхъумэныкІэ Іэнатіэр егъэфІэкІуэным теухууэ» КЪР-м и Хабзэм и проектым депутатхэр щигъэгъуэзащ КЪР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр **Расторгуевэ Светланэ**. Законопроектым зэхегъэщхьэхукІ КЪР-м и Правительствэмрэ цІыхухэм я узыншагъэр хъумэным кІэлъыплъныр и пщэрылъ кьызэрагъэпэщ Іуэхущ Іапіэмрэ я кьалэнхэр. КьищынэмыщІауэ, цІыхухэр зыкІэлъыгъэпльыжьныныр узыфэ зэхуэмыдэхэм ахэр ящхьэхумэныкІэ лэжьыпхьэхэр Іуэхущ Іапіэхэм яхуегъэув, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм медицинэ хуэІуэхуэщІэ пщІэнэщу ягъэутыныкІэ кьэралыр щэсыпІэ зэрихьэм теухуа щІыналъэ программэм и лъабжьэр еубзыху. Проектым кьыщыгъэлъэгъуащ нэгъуэщІ Іуэхухэри.

Парламентаризмэм зегъэужьным хэлъкьэныгъэфІ зэрыхуащІым кьыхэкІыу, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и дамыгъэрэ ЩІыхь тхыльрэ кьратын папщІэ КЪР-м и Парламентым и депутат зыбжанэ кьагъэлъэгъуащ.

ЗэІущІэм щедзІыуащ КЪР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм 2016 гъэм зэфІигъэкІам.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

НОБЭ

♦Граждан зыхъумэжыныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦СПИД зыужьэр зыпкъырытхэм ящымымэхъэшэным и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм и эксперт-криминалистым и махуэщ

♦Къэзахъстаным фІыщІэ щыным и махуэ щагъэлъапІэ

♦Японием щрагъэкІуэкІ мамырыгъэм щІэбэныным и махуэм теухуа дауэдапщэхэр

♦Корее Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - щхьэхуит зэрыхъуар ягъэлъапІэ. 1919 гъэм къэралым и цІыхубзэр кьызэрыІэри, Японием кьыгуэкІащ щытащ.

♦Босниемрэ Герцеговинэмрэ я къэралыгъуэм и махуэщ

♦1555 гъэм Нострадамус (и цІэ дыдэр Мишель де Нотрдамщ) тхьэгурымагъуэм кьыдигъэкІащ къэхьуну-къащІэнухэр кьыщигъэлъэгъуа и тхьилъыр.

♦1565 гъэм Бразилием кьыщызэрагъэпэщащ португалхэм я егъэзыпІэ - Риоде-Жанейрэ зыфІащар.

♦1762 гъэм Урысейм и пащтыкъ Пётр Ещанэм Іэ щІидзащ пщыхэм Іэмал имыІэу яхурал кьулыкъу ящІэн хуейуэ яхуэзыгъэувэу щыта хабзэр кьутэжьным теухуа унафэм.

♦1790 гъэм США-м я ягъэ щабжащ абы цІыхуу щыпсэуэр. Абы щыгъуэ къэралым ист цІыху 3929214-рэ.

♦1810 гъэм император Александр Езанэм Абхъазыр Урысейм кьихагъэхьэну унафэ ищІащ.

♦1873 гъэм химик цІэрыІуэ Менделеев Дмитрий пкъыгъэхэм я таблицэ зэхэлъхьэн иухащ икІи ар кьыдгъэхьыныным яужь ихьащ.

♦1881 гъэм Ремингтонхэ я фабрикэм (США) кьыщыщІагъэкІыу щІадзащ зэрыбкІэ зэрыртрадзэ япэ машинкэр. Ар кьагупсыса Шоулэ Кристоферрэ Гилден Джозефрэ.

♦1881 гъэм Урысейм и император Александр ЕтІуанэр яукІащ.

♦1947 гъэм лэжьэн щІидзащ Дунейпсо Валютэ Фондым.

♦1954 гъэм США-м Бикини щІыналъэм щигъэунэхуащ водороднэ бомбэр, мегатоннэ 15 зи Іэщащ ягъэр. Абы щыгъуэ хэкІуэдат цІыху минхэр. Маршаллов хьтІыгуэхэм я щІыналъэхэм абы щыгъуэ трихьа радиоактивнэ фІейхэм я щІыпІэхэм ущыпсэункІэ Іэмал зимыІэ ищІауэ иджыри кьэс апхуэдэу щытщ.

♦1995 гъэм Москва, щыпсэу унэм и щІыхьэпІэм деж, щауКІащ теленэтынхэр езыгъэкІуэкІыу щыта Листьев Влад.

♦1996 гъэм Амур областым «Свободный» зыфІаІэ космодром кьыщызэрагъэпэщащ. Ар 2007 гъэм зэхуащІыжащ.

♦2011 гъэм «Полицэм теухуауэ» Федеральнэ законым кьару игъэтащ.

♦Израилым и премьер-министру щыта, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Рабин Ицхак** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Композитор, дирижёр, СССР-м и цІыхубэ артист, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зрата **Догэ Евгений** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Актёр, Украинэм и цІыхубэ артист **Брондуков Борислав** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Купченкэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - УФ-м и Президентым КъуэкІыпІэ Жыжьэ Федеральнэ округым щиІэ лІыкІуэ **Трутнев Юрий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Литва Республикэм и Президент **Грибаускайте Даля** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Къэрал къуплькъущІэ, Курган областым и губернатор **Кокорин Алексей** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 9, жэщым градус 1 - 2 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Емыджа егъэджакІуэ хъуркъым.

Лэскэн муниципальнэ районым хыхьэ Лэскэн Етlуанэ къуажэм и щlыналъэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкlахэр (карантин) щыгъэувыным и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Лэскэн районым хыхьэ Лэскэн Етlуанэ къуажэм псэущхьэхэм хьэщхьэрыlуэ уз къеуэлlауэ кьыззэрыщыщlагъэщам кьыхэкlыу, «Ветеринариемк и Іуэхукlэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям тету икlи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм и унафэщlым №938/02-277-м щlэту 2017 гъэм мазаем и 14-м кьигъэхьа тхыгъэм ипкъ иткlэ, хьэщхьэрыlуэ узыр гъэкlуэдын мурадкlэ:

1. Лэскэн районым хыхьэ Лэскэн Етlуанэ къуажэм и щlыналъэм щыщ Іыхьэу Ленининым и узрамым, уэрамдэкІ №97-м, Къумахуэм и щlэр зезыхьэ узрамым, уэрамдэкІ №9-м я къэухым кьриубыдэм мардэ пыухыкlахэр (карантин) махуэ 60 пlалъэкlэ щыгъэувын.

2. Карантиныр щыщlыпlэ зэманым мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щlыналъэм унагъуэ псэущхьэхэр, абы-хэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, кьрашыну, апхуэдэу а щlыналъэм унагъуэ псэущхьэхэмкlэ сату щащlыну хуиткъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм кьалэн щыщlын хьэщхьэрыlуэ узыр гъэкlуэдыным хуэгъэза Іуэхухэр Шэрэдж районым и щlыналъэ администрацэм щыгъуу зэхилъхьэу игъэзэщlэну.

4. Мы унафэм кьару егъуэт Іэ щыщlэзэдза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КlУЭКlУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мазаем и 17-м
№11-РГ

Шэрэдж муниципальнэ районым хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм и щlыналъэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкlахэр (карантин) щыгъэувыным и Іуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Шэрэдж районым хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм унагъуэ псэущхьэм хьэщхьэрыlуэ уз къеуэлlауэ кьыззэрыщыщlагъэщам кьыхэкlыу, «Ветеринариемк и Іуэхукlэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям тету икlи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм и унафэщlым №938/02-281-м щlэту 2017 гъэм мазаем и 15-м кьигъэхьа тхыгъэм ипкъ иткlэ, хьэщхьэрыlуэ узыр гъэкlуэдын мурадкlэ:

1. Шэрэдж муниципальнэ районым хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм и щlыналъэм щыщ Іыхьэу ипщэ-кьухьэпlэ лъэныкъуэмкlэ Псыгуэнсу псым и гъунэм, ипщэ-кьухьэпlэ лъэныкъуэмкlэ Мэзло А. А. и цlэр зезыхьэ уэрамдэкlым, ищхьэрэ-кьухьэпlэ мэз кусэм, ищхьэрэ-кьухьэпlэ лъэныкъуэмкlэ Зэрэгъыж къуажэм и бгъуэ я къэухым кьриубыдэм мардэ пыухыкlахэр (карантин) махуэ 60 пlалъэкlэ щыгъэувын.

2. Карантиныр щыщlыпlэ зэманым мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щlыналъэм унагъуэ псэущхьэхэр, абы-хэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, кьрашыну, апхуэдэу а щlыналъэм унагъуэ псэущхьэхэмкlэ сату щащlыну хуиткъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм кьалэн щыщlын хьэщхьэрыlуэ узыр гъэкlуэдыным хуэгъэза Іуэхухэр Шэрэдж районым и щlыналъэ администрацэм щыгъуу зэхилъхьэу игъэзэщlэну.

4. Мы унафэм кьару егъуэт Іэ щыщlэзэдза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КlУЭКlУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм мазаем и 17-м
№12-РГ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэр 2017 гъэм гъатхэпэ мазэм кьриубыдэу цlыхухэм зэрахуэзэнур

Махуэр	Зэманыр	Цlыхухэм яlущlэнхуэр	Телефонхэр
Гъатхэпэм и 1-м	10:00-13:00	Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий и къуэр	77-68-23
	14:00-17:00	Жаным Руслан Мухьэмэд и къуэр	77-27-46
Гъатхэпэм и 2-м	10:00-13:00	Зумакулов Асхат Мустэфа и къуэр	77-28-44
	14:00-17:00	Иуан Пётр Мацэ и къуэр	77-28-44
Гъатхэпэм и 3-м	10:00-13:00	Кьалмыкъ Жылэбий Адэлбий и къуэр	77-45-43
	14:00-17:00	Канунников Анатолий Данил и къуэр	77-45-43
Гъатхэпэм и 6-м	10:00-13:00	Караев Расул Шарабудин и къуэр	77-45-43
	14:00-17:00	Кlыщыкъуэ Иринэ Музэфар и пхъур	77-68-23
Гъатхэпэм и 7-м	10:00-13:00	Колесников Юрий Александр и къуэр	77-45-43
	14:00-17:00	Котляровэ Марие Абрам и пхъур	77-27-46
Гъатхэпэм и 9-м	10:00-13:00	Кьуэщlысокъуэ Александр БетIал и къуэр	77-27-46
	14:00-17:00	Кьуащхьэ Заремэ Мухьэмэд и пхъур	77-27-46
Гъатхэпэм и 10-м	10:00-13:00	Любуня Николай Григорий и къуэр	77-27-46
	14:00-17:00	Мэзло Руслан БетIал и къуэр	77-28-44
Гъатхэпэм и 13-м	10:00-13:00	Маслов Николай Александр и къуэр	77-68-23
	14:00-17:00	Мэшыкъуэ Хьэсэнбий Хьэмид и къуэр	77-28-44
Гъатхэпэм и 14-м	10:00-13:00	Зумакулов Асхат Мустэфа и къуэр	77-28-44
	14:00-17:00	Олицкий Александр Владимир и къуэр	77-27-46
Гъатхэпэм и 15-м	10:00-13:00	Іухьу Анатолий Леонид и къуэр	77-27-46
	14:00-17:00	Павленкэ Владимир Порфирин и къуэр	77-28-44
Гъатхэпэм и 16-м	10:00-13:00	Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэр	77-68-23
	14:00-17:00	Скакунов Виктор Николай и къуэр	77-28-44
Гъатхэпэм и 17-м	10:00-13:00	Темыркъан Борис Хьэту и къуэр	77-27-46
	14:00-17:00	Тхьэзэплъыж Мурат Тlупэ и къуэр	77-28-44
Гъатхэпэм и 20-м	10:00-13:00	Уянаев Борис Биязлик и къуэр	77-45-43
	14:00-17:00	Хьэжы Руслан Мухьэмэд и къуэр	77-28-44
Гъатхэпэм и 21-м	10:00-13:00	Хьэфlыцlэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэр	77-27-46
	10:00-13:00	Хъуэкlуэн Мурат Хьэзрэталий и къуэр	77-28-44
Гъатхэпэм и 22-м	10:00-13:00	Хутуевэ Светланэ Хьэнэфий и пхъур	77-27-46
	14:00-13:00	Целоусовэ Анусэ Азэмэт и пхъур	77-45-43
Гъатхэпэм и 23-м	10:00-13:00	Шабаев Леви Меир и къуэр	77-68-23
	14:00-17:00	Дадашев Агабаба Айдыноглы	77-27-46
Гъатхэпэм и 24-м	10:00-13:00	Щэрдан Нодар Абу и къуэр	77-27-46
	14:00-13:00	Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэр	77-27-46
Гъатхэпэм и 27-м	10:00-13:00	Энеев Махмут Узеир и къуэр	77-68-23
	14:00-17:00	Ету Залинэ Хьэмидий и пхъур	77-28-44
Гъатхэпэм и 28-м	10:00-13:00	Абшаев Магомет Тlэхьир и къуэр	77-28-44
	10:00-13:00	Атмурзаев Магомед Мэжид и къуэр	77-27-46
Гъатхэпэм и 29-м	10:00-13:00	Ашэбокъуэ Дамирэ Арсен и пхъур	77-27-46
	10:00-13:00	Бажэ Дотий Мустэфа и къуэр	77-27-46
Гъатхэпэм и 30-м	10:00-13:00	Беловэ Наталье Сергей и пхъур	77-27-46
	14:00-17:00	Беппаев Суфян Узеир и къуэр	77-68-23
Гъатхэпэм и 31-м	10:00-13:00	Бобылёв Валентин Николай и къуэр	77-68-23
	14:00-17:00	Мэзло Руслан БетIал и къуэр	77-28-44

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщlы **Берд Хь. А**. зи щхьэ Іэзэкlэ къекlуалIэ цlыхухэм бэрэжьей къэс сыхьэти 10 - 13-хэм кьриубыдэу яІуощlэ (77-69-93 телефонымкlэ мэпсалъэри нэхъ пасэу зрагъэтх).

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщlым и къуэдзэхэр цlыхухэм яхуозэ:

Федченко Л. М. - гъубж къэс сыхьэт 14 - 16-хэм кьриубыдэу (телефоныр 72-07-80);

Аттаев Ж. Ж. - махуэку къэс сыхьэт 14 - 16-хэм кьриубыдэу.

Хьэтlохъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ адыгэ лъэпкъ цlэрыlуэм къыхэкlащ 1787 - 1791 гъэхэм екlуэкlа Урыс-Тырку зауэм хэтащ, иужькlэ, епщыкlуиянэ лlэщlыгъуэм и кlэухым щыщlэдзауэ, дунейм ехыжыху, Къэбэрдеим къыщыхъуа Іуэху псоми хуэзфlэкlи хилъхьащ, и цlэр адыгэхэм ящыгъупщакъым нобэр къыздэсым. Ар Хьэтlохъущокъуэй Ипщэм (иджы Зеикъуэ) 1760 гъэм къыщалъхащ.

БЫТЫРБЫХУ щlэныгъэ щигъуэта нэужь, Хьэтlохъущокъуэр 1787 гъэм тыркуэм Очаков къалэр яфlэзыубыда дзэм хэтащ, абы и ужькlэ и мурадащ шведхэм иращlыла зауэм хыхьэну. Дзэпщ Потёмкин-Таврическэм пащтыхь гуащэм, Екатеринэ Етlуанэм, хуитхыгъащ абы щыгъуэ: «Измаил-бей къэбэрдей лъэпкъ цlэрыlуэм къыхэкlащ, подполковникщ, Очаков дех лlыгъэ къыщигъэлъэгъащ, налкъутналмэскlэ гъэщlэрэщlа медаль хуэфащэщ».

Хьэтlохъущокъуэр швед зауэм хэтарэ хэмытарэ дыщыгъуазэкъым; 1790 гъэм ар тырку фронтым къыщыхутэжащ, Измаил быдапlэр къэзыщтахэм яхэтащ, абы щхьэкlэ къратауэ щыташ Георгий орденым и еппланэ нагъыщэр.

Дзэпщ цlэрыlуэм, Потёмкин-Таврическэм, гъунэгъу дыдэ хуэхъуауэ щытащ Исмел-Псыгъуэ. Бутков П. Г. зэриты кlэкlи, Потёмкиным деж щыlэ «кавказ депутатхэмэ лlыкlуэхэмрэ» ящыщащ Хьэтlохъущокъуэр. Потёмкиныр лlа нэужь (1791 гъэм) кавказ депутатхэмрэ лlыкlуэхэмрэ зэкъуэ кьагъэзэжащ.

Хьэтlохъущокъуэ Исмел Къэбэрдеим къыщихьэжар 1794 гъэрщ. Къэбэрдеим и Іуэхур хэпlыдгъуэ хуауэ кьрихьэлlэжащ Хьэтlохъущокъуэр: лъэпкъ унафэр Іэщlахьэпэным нэсат, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм кьадекlуэкlи хабзэхэм урыс дзэпщэхэр кьыхэlэбэ хьуат, абыхэм я Іизыныншэу Хасэ зэхашэну хуиттэкъым... Ар ягу темыхуэу, къэбэрдей лlакъуэлlэшхэр кьаззэрыlэтащ. Кьыззэрыlэтахэр «я пlэ ирагъэтlысхьэжьи щхьэкlэ», Къэбэрдеим дзэ кьрашащ. Абы нэхъри кьыззэщlигъэплъащ къэбэрдейхэр.

А псом дауэ хущыта Хьэтlохъущокъуэ Исмел - ар Іупщl дыдэкъым.

Дызыщыгъуаззэр мыращ: Къэбэрдеим кьиигъэззэжри, куэд мыщlэу Хьэтlохъущокъуэ Исмел хэкум ирагъэкlауэ щытащ, езым и къуэш майор Адэлджэрийрэ майор Хьэмырзэ Хьэтlохъущокъуэрэ щlигъуу, - Екатеринославскэ губернэм ягъэкlуащ, «темыплъэкъуклу» абы щаІыгъын щхьэкlэ. Щыми щхьэусыгъуэ хуащlар «дзыхь ебгъэз зэрымыхъунут».

1794 гъэм кьиигъззэжа нэужь, зэман кlэщl дыдэщ Хьэтlохъущокъуэ Исмел и хэкум зэрыраГъэкlа: «дзыхь щlыхуэпщl мыхъун» гуэри абы илэжьауэ дыщыгъуазэкъым.

1795 гъэм и гъатхэпэ мазэм Хьэтlохъущокъуэ зэшитIымрэ Хьэмырзэ Хьэтlохъущокъуэрэ Цlэмзэ (Новороссийск) дагъэтlысхьащ. 1798 гъэм генерал-лейтенант Горич (Бэджыдэ) шэс ихьэри, Хьэмырзэ Хьэтlохъущокъуэ езым деж ирихъэщащ - Слободской губернэм; Адэлджэрий а гъэ дыдэм къэкlуэсэжри урысыдзэм пэщlэува къэбэрдейхэм пашэ яхуэхъащ.

1801 гъэм гъатхэпэ и 12-м и ужькlэ (Александр 1 пащтыхь хьуауэ) Хьэтlохъущокъуэ Исмел Бытырбыху кlуэри, абы зыбжанэрэ щыпсэуащ. Пащтыхым «и нэфl къыщыхуащ» Хьэтlохъущокъуэм: «Урысейм и пащхьэм щиlэ фlыщlэм папщlэ» полковник щхьэфlащащ, сом минитхуи къратыжьын хуейуэ унафэ ящlащ. Абы и ужькlэ илъэситIым щlигъукlэ Бытырбыху зыщllэжьын хуей хъуащ , и лъэпкъэгъуэхэм я Іуэху эзрихуэу. Къэбэрдейхэм я Іуэху зытетымрэ я Іуэхур дяпэкlэ зэтеубла зэрыхъунымрэ теухуауэ зхьэІу игъэхъэзырри, ар Къэрал кlуэцlу Іуэхуэхэмкlэ министерствэм щlилъхьащ Исмел Псыгъуэ. Пащтыхьми министрми щыгъуазэ зыхуащlа нэужь, тхыльыр Кавказым и дзэпщ Цицановым жь къагъэхьащ. Кавказ Ищхъэрэм иц лъэпкъ зыбжанэр зэрызехъэ хъуат, Урысейм и сэбэп хэлътэкъым абы, ауэ ахэр «Іэщlкlэ бгъэбэяуну игъащlэкlэ пхуэзфlэкlынутэкъым», абы кьыхэкlкlэ, Урысейм къыдихьэхьи хуейщ а лъэпкъхэм ящыщ зы, ар и пlэ итIысхьэжмэ, абы трахынщ адрей лъэпкъхэми, итхырт Хьэтlохъущокъуэм. Абы кьыззрилытIэкlэ, псом япэ уахэззгъэнут икlи я пlэ ибгъэтIысхьэжьифынут къэбэрдейхэр, цэм Мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министерствэм и Щlыхь тхыльыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щlыхь тхыльыр, КъБР-м и Парламентым и Щlыхь тхыльыр. «Зегъэльтурэмрэ спортымрэ зегъэузэкъыныжьмкlэ бгъэдэлъ фlыщlэм папщlэ», «Бахъсэн муниципальнэ районым щlыхь зиlэ и цlыху», «Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ», «КъБР-м и мэкъумэш хозяйствэм щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ» цlэкэр кьыфlащащ.

Конкурс Іуэхуэр зэфlагъэкlыу Бахъсэн районым и щlыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр хахьху я кlуныкъуэр пlалъэкlэ игъэззэщlэну и пщэ иралъхьащ Бахъсэн районым и щlыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ кьуэдзэ Кьанэмэт Рустам.

ЧЫЛАР Ариндж.

Адыгэпщ хахуэ ХьэтIохъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ



Исмел-Псыгъуэ и сурэтыр Пащты Герман ищlащ.

ситу жьпIэмэ ахэр Урысейм зэрыхьыхьэрэ куэд щlати. «Урысейм и политикэр иджыри къэс зытеуухуауэ щытар, - итхырт Хьэтlохъущокъуэм, - бгырыс лъэпкъэм яку хьэрэгъэшыргъэ дзэпхьэныруд... Ар афlэкlа уигу тебгъахуэ хъунукъым, езыхэр арэзыуэ зэбгъэувэлlафынущ бгырыс лъэпкъхэр». Абы щхьэкlэ лъжьыпхъэхэри кьеГъэлъагъуэ Хьэтlохъущокъуэм, япэ игъэщын хуейуэ кьелъытэ мыпхуэдэ Іуэхухэр: а) Кавказым и лъэпкъхэм ижь-ижьыж лъандэрэ кьадэгъуэгурыкlуэ хабзэхэм хэмыlэбэн; б) къэбэрдейхэм траха щыхэр етыжьин, ар мыхъунумэ, я Іэщlыр игъащlэ лъандэрэ щагъэхъу хъупlэхэр япэмыбыдыН; в) къэбэрдеипщхэм якlэщlэкlуэсыкlыупхэ Линием зэпрыкlа пщылlхэр етыжьин, ахэр кlуасу дяпэкlэ яхуэмыдэн.

ХЬЭТlОХЪУЩОКЪУЭ Исмел 1804 гъэм и бжьыхьэм Кавказым къагъэкlэжащ пащтыхьм и унафэкlэ, «бгырысхэр япlэ игъэтIысхьэжьынмкlэ абы хуэзфlэкlынум еплъын пап щlэ».

Кавказым и дзэпщ Цицановым Бытырбыху итхауэ щытащ къэбэрдейхэм ящlэкр етыжьин жьыхуэпlэр «икъукlэ егъэлеиуэ», езы Хьэтlохъущокъуэри Линием зыкlи сэбэп щымыхьыну.

Дауэ хьуами, Хьэтlохъущокъуэм Кавказ линием кlуныкъу къыщратри, Гумкъалэ (Георгиевск) дагъэтIысхьащ - арат 1802 гъэм кьыззрагъэпэща Кавказ губернэм и къалащхьэр. Гумкъалэ дзэгъэщытауэ щыташ Хьэтlохъущокъуэр - лъэпкъ Іуэху зэрихуэурэ, Къэбэрдеим щlэх-щlэхыурэ ихьэжыт. Абы и лъэныкъуэкlэ гъэщlагъуэнщ Къэбэрдеим и Іуэхуэр зи пщэ далъхьа генерал-майор Дельпоццо итхар: «Полковник Хьэтlохъущокъуэ Исмел дзэм кlуныкъу щищlащ, итIанэ Екатеринослав ягъэкlуауэ щытащ; иужькlэ Бытырбыху щыпсэуащ; Георгий орденым и 4-нэ нагъыщэмрэ медалрэ кьратащ; урысыбзэкlи франджыбзэкlи мэпсалъэ икlи матхэ; и улахуэр сом 3000 мэхъу. Апхуэдизу гулыIэт зыхуащlар кьыззрыщlидзыжаращ мыгурыIуэгъуэр. Гумкъалэ зэрыдэсыр пэжщ, ауэ и щхьэгъуэр Къэбэрдеим къыригъэкlыркъым, илъэсипщl зи ныбжь и кlуэр и уэрэкъэм ящlащ зым и кьанщ. Къэбэрдеим щихьэжкlэ, жорри (орденыр) медалри зыкlэрехри и жыпым ирелъхьэ».

Къэбэрдеим и Іуэхур нэхъри кьыззщlэплъауэ кьрихьэлlэжащ Исмел-Псыгъуэ. Пащтыхь кlуныкъущхэзмрэ гъежьыкlуэ зрагъэкlэрэ бгырысхэр залымыгъэкlэ Іэрыуфыдэ зэращlыныкъ зыпlытыр. Ардыдэр паубыдащ Хьэтlохъущокъуэм - езым и лъэпкъри Къэбэрдеим кьыжьэдикъуэн, иригухэн, я пlэ иригъэтIысхьэжьын хуейуэ. Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ яку мамырыгъэ дилъхьэн мурад иІэут Хьэтlохъущокъуэр и лъэпкъэгъуэхэм къащlыхьыхьажар. Ар фlырыфlкlэ кьыззремыхъулlэнчр щlэх дыдэ кьыгурыIуащ Хьэтlохъущокъуэ Исмел: дзэпщхэм зэрахьэ лейр зигу темыхуэр куэд зэрыгъэхьуат, абыхэм яхэтт езым и унэкъуэщхэри - и кьуэш Адэлджэрий, и адэ кьуэшым и кьуэ Асльэнбэч сымэ, нэгъуэщlхэри.

Къэбэрдей Іуэхуэр зи пщэ далъхьа генерал-майор Дельпоццо зыбжанэрэ хуэтхъэусыхащ Кавказым и дзэпщ Цицановым: полковник Хьэтlохъущокъуэр жьыIэмыдаIуэщ, сабэпынщэщ, кьыгухуищlэ щlыкъыщ, Къэбэрдей псор дэнэ кьэна, езы дыдэм и унэкъуэщхэри кьедаIуэркъым, пщlэ лъэпкъ кьыхуащlыркъым... Цицановри акьылэгъуэт Дельпоццо Хьэтlохъущокъуэм кlэрилъхьэ пщlымкlэ. Абы кьыззрилытIэмкlэ, Урысейм щlэныгъэ щызыгъуэта бгырысхэр фlыуэ яІэгъуэрыгъэкъым и лъэпкъхэм, ауэ я тхъэусыхафэм кьыкlаIакъым. Ар дэнэ кьэна, Хьэтlохъущокъуэ Исмел кlуныкъуэхэр: лъэпкъ лъэрызехьэм кьыхэкlами, къэбэрдейхэр зригъэзэщlуэн лъэкlыртэкъым...

1808 гъэм Кавказ линием и Іэтащхьэ хъуащ лы гъэжэныр зи Іэщlагъэ генерал гущlэгъуныщ Булгаков С. А. Щlэх дыдэу жагъуэгъу зэхуэхъуащ абырэ Хьэтlохъущокъуэ Исмелрэ: генералым зэхищlыкъ щlэпхъаджагъэ кьэмыр игу тегъуакъым Хьэтlохъущокъуэм. Булгаковыр кьигъэлыбащ пщы цlэрыlуэр зэрыжьыIэмыдаIуэм. Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ дахэкlэ зэгуригъэIуэн мурадым хуэлажьэ Хьэтlохъущокъуэм куэдрэ бзэгу кlэлъыззрихьащ Булгаковым, ар зэригъэуIуиным пылъащ. «Къэбэрдейр и пlэ игъэтIысхьэж, уэращ псори кьыззщlэзыгъапlэр» - арат Булгаковым Хьэтlохъущокъуэ Исмел пиубыдыр. «Къэбэрдейр кьыззщlэзыгъапlэр» Булгаковым хуэдэ дзэлI лъыифхэрт - абы Хьэтlохъущокъуэр зэрыщlигъуаззэр яфlэфlтэкъым Какъым и пащтыхь кlуныкъущlэхэмрэ генералхэмрэ. 1810 гъэм и гъэмахуэм Булгаковым дзэшхэр яриутIыпщауэ щытащ Къэбэрдеймрэ Псыжь адрыщlкlэ адыгэхэмрэ.

Дзэм адыгэ кьуажэ 200 зэтракъуташ, цlыху минипщl яуклащ, я гъавэр ягъэсащ, я Іэщlыр фlатыхьэкъуащ. Лlыгъэ зэрихьауэ ильытэжри, Булгаковыр... орден щlэлъэIуащ. Орден кьратыным и пlэкlэ генерал гущlэгъуныщэм езы пащтыхь дыдэр кьыхуэхъущlащ, бгырысхэр нэхъри бий кьыгтхуэщ апхуэдэ «лlыгъэм», жери. Булгаковымрэ абы и дзэлIхэмрэ зэхащlыхь хьэкlэжхъуэкlагъэхэм я хьыбар кьалащхьэм нэзыгъэсыфхэм Хьэтlохъущокъуэрэ зэращlащам шэч хэлътэкъым. Дауи, ахэр Хьэтlохъущокъуэм и псэм къемыщэнкlэ Іэмал иІакъым.

1810 гъэм и гъатхэм Булгаковымрэ Хьэтlохъущокъуэмрэ зэщlыхэпэауэ къыщlэкlынущ. Кавказым и дзэпщ Тормасовым Булгаковым зэрыхуитхамкlэ, Хьэтlохъущокъуэм Псыхуабэ деж, «Бещто мэз льапэм», езым и жылэ щигъэтIысын щlидзауэ щытащ. Ар игу техуакъым Булгаковым: жылэр зэбгрыригъэхуащ, «ар хъунщlакlуэхэм тIысыпlэ ящынкlэ шынэри». А гъэ дыдэм Булгаковыр Кавказым и дзэпщым аргуэру хуэтхъэусыхащ Хьэтlохъущокъуэ Исмел Псыхуабэ (Бещто льапэ деж) адыгэ куэд щыгъэтIысын мурад зэрищlам щхьэкlэ (а куэдэри нэгуэщl адыгэ жылагъуэ зыбжани исащ абдеж, XVIII лlэщlыгъуэм урыс дзэпщхэм кърахуху).

1810 гъэм и бжьыхьэм Балъкъ Іуфэ (Кьалэкlыхьым деж) адыгэ куэд щызэхуэсыгъащ, «унафэ ящlын щхьэкlэ». Абыхэм яхьыхащ Булгаковыр: «Сыт фыщlызэхуэсар?» - жери. Кьыззхуэсахэм Хьэтlохъущокъуэри яхэтти, генералым кьыжриІащ къэбэрдейхэр езым зэрызэхуишэсар. Хуит ямыщlауэ цlыхур зэхуишэ зэрымыхъунур генералым щыжиІэм, Хьэтlохъущокъуэр абы кьыхуилъащ, кьэтэмакъкlэщlри: «Угушыlэрэ уэ? Сэ пасэрей пщы лъэпкъым сыкъыхэкlащ, адрей пщыхэм нэхърэ сынэхъыжьщи, цlыхур дапщащ зэхуэсшэсынуми сыхуитщ».

1810 гъэм и гъэмахуэм Булгаковым хьыбар кьрагъэщlащ «къэбэрдейхэм я лlыкlуэ гуп» пащтыхьым деж ягъэкlуэн хуейуэ. Генералым «къэбэрдей лlыкlуэхэр» кьыхэхьн щыщlидзэм, Хьэтlохъущокъуэр кьыпэрыащ, абы кьыхихахэмкlэ арззытэкъыми. «Абы кьыхэкlкlэ, - хуиткащ генералым Кавказым и дзэпщ Тормасовым, - унафэ сщlащ пщы Мусэ ягъэтIысыну».

БУЛГАКОВЫМРЭ кьулыкъущlэхэмрэ зэрахьэ лейр кьрагъэхутэн папщlэ, Къэбэрдейм кьагъэкlуауэ щытащ генерал-майор Вердеревскэр. Булгаковым щы министр Барклай-де-Толли зэрыхуитхамкlэ, къэбэрдей лlыкlуэхэр гъэугум хуэхьэзыр хьуауэ, Хьэтlохъущокъуэр кьахэlэбэри Іуэхур зэлищlащ. «Бытырбыху лlыкlуэ щlэдгъэкlуэн щыlэкъым ивжыпсту, жиІащ, ди Іуэхур япэщlыкlэ Вердеревскэм етхьэлlэнщи, итIанэ сэри сыныбдэкlэнщ пащтыхьым деж». «Пlыкlуэхэр гуитIщхьитI хъуауэ утыкум кьинащ», - итхырт Булгаковым. Хьэтlохъущокъуэм кlэримыщlэлъа кьигъэнэжакъым генерал бзэгузехьэм: «Къэбэрдейр кьыззщlегъэст, цlыхур егъэтхъуэу, ди Іей фlэкlі, дифl зэрихуэркъым».

Генерал Вердеревскэр Кьалэкlыхьым щыхуэзащ абы даубыдауэ щаІыгъ Хьэтlохъущокъуэм, ар щlэгъэтIысэ щхьэусыгъуэкlи жэуап къаІихащ лей кьыкlэлъызезыхьхэм. Хьэтlохъущокъуэмрэ Вердеревскэмрэ я закъуэ сыхьэтитIым щlигъэкlэ зэпсэльащ, абы и ужькlэ пщыр кьригъэутIыпщыжащ. Вердеревскэм и унафэмкlэ мыарзэщу, Тормасовымрэ Булгаковымрэ къэрал кlуэцlу Іуэхуэхэмкlэ министрым хуэтхъэусыхащ, ауэ я тхъэусыхафэм кьыкlаIакъым. Ар дэнэ кьэна, Хьэтlохъущокъуэ Исмел кlуныкъуэхэр: лъэпкъ лъэрызехьэм кьыхэкlами, къэбэрдейхэр зригъэзэщlуэн кьыкlэкlащ. Хьэтlохъущокъуэр абы хунагъэсакъым - яуклащ. Зыуклар ноби Іупщlыкъым. Іупщlыр зыщ: зыуклар лlы губзыгъэм щышына жагъуэгъу щэхурыпхъэхэрщ.

Хьэтlохъущокъуэ Исмел Къэбэрдеим щыщlидзауэ жагъуэгъу: абыхэми яхуэзфlэкlынут - ахьылпр зыщlыгъэзкlэ я къефlэкlэ щыуащ, и къуэшым, и адэ кьуэшым и кьуэш). Хьэтlохъущокъуэ Асльэнбэчи полковникщ, урысыдзэм кьулыкъу щищlащ, Потёмкиным деж щыІа къэбэрдей лlыкlуэхэм яхэтащ, Къэбэрдеим кьихьэжа нэужь, урысыдзэм пэува уэркъ шухэм ядэзэуащ (1802 гъэм щыщlэдзауэ); Псыжь зэпрыкlри абы щызэуэрэ, 1837 гъэм кьауклащ. Асльэнбэч и адэ кьуэшым и кьуэр, Ислъамэ, щlыкъуэм щхьэусыгъуэ иІащ: и лъэпкъым епщlыжауэ иІыпэтэу кьыщlэкlынут, щадэмызэуэкlэ. Ауэ абы щыхьэт техуэу тезгъащlапlэ гуэри тхыдэм хьума щыхъуакъым.

XIX лlэщlыгъуэм и пэщlэдзэм щынагъуэ ин дыдэ хэхуауэ щыта Къэбэрдеим и Іуэху зытетымрэ ар а щынагъуэм кьихэша зэрыхъуну щlыкlэжар теухуауэ Хьэтlохъущокъуэ Исмел 1805 гъэм Гумыщхэ кьущlисэпlэауэ щытащ, 1806 гъэм - Бахъсэнрэ Щэджэмрэ щызэхэта хасэм.

КОСВЕН Марк.

Сыжажэ Хьэсэн и къулыкъур ехъуэж

Бахъсэн муниципальнэ районым щlыпlэ унафэр зегъэкlуэнымкlэ и советым VI хэхьгъуэм и пlалъэр къэмысуэу иригъэкlуэкlа 8-нэ сессием къыщащтащ Бахъсэн муниципальнэ районым и щlыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кlулыкъуэм Сыжажэ Хьэсэн зэрытекlым теухуа унафэ. Ар тращlыхьащ «Урысей Федерацэм щlыпlэ унафэ щlэзегъэкlуэнымкlэ къызэгъэпэщlыжа щlыпlэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхуэм я 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м къащта Федеральнэ закон №131-ФЗ-м, апхуэдэу Бахъсэн муниципальнэ районым и Уставыр и 41-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и пункт 2-м.

Зэлущlэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщlым и къуэдзэ - щlыпlэ унафэр зегъэкlуэным пащlа Іуэхуэхэмкlэ управленэм и унафэщl Сарбашевэ Светланэ. Абы кьыхигъащlхьэхуэкlащ районым и социально-экономикэ зыужьыныгъэр щlэгъэхуэбжьэныжьмкlэ Сыжажэ Хьэсэн бжьыгъэ ин зэрыбгъэдэлъыр икlи къиГъэлъэгъуащ ар и кlулыкъуэм щытекlым и щхьэусыгъуэр икlэщlыпlэкlэ нэгъуэщl Іэнатlэ пэрыувэн зэрыхуейр араГъэ зэрыщlытыр.

Район администрацэм и Іэтащхьэу зэрилэжьа илъэс би-ем кьриубыдэу Сыжажэ Хьэсэн къаруушхуэ ирихьэлlащ республикэм и муниципальнэ щlыналъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым зеГъэужьыным. А зэманым кьриубыдэу районым хиубыдэ жылагъуэхэм сабий садхэр, спорт Іуэхущlапlэхэр, стадионхэр дащlыхьащ, псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и лэжьыгъэр нэрылъагъуу ефlэкlуащ.

Ехьулlэныгъэ инхэр иІэщ районым и мэкъумэш Іэнатlэми. Абы инноваци технологиехэр, нэгъуэщl къэралхэм я лэжьэкlэ пэрытхэр кьыщагъэсэбэпу хуежьащ.

Иужьрей илъэсищым Бахъсэн районыр социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекlуэкlым и лъэныкъуэкlэ республикэм щы-пашэхэм ящыщщ. 2016 гъэм абы и бюджетыр сом зы мелардым щыхьэдхащ.

Муниципальнэ Іэнатlэр щlрихьэкlа илъэсхэм кьриубыдэу Сыжажэ Хьэсэн къратащ Урысей Федерацэм и Президентым и Щlыхь тхыльыр, Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министерствэм и Щlыхь тхыльыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щlыхь тхыльыр, КъБР-м и Парламентым и Щlыхь тхыльыр. «Зегъэльтурэмрэ спортымрэ зегъэузэкъыныжьмкlэ бгъэдэлъ фlыщlэм папщlэ», «Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ», «КъБР-

Мэлыхъуэхьэхэр

● Адыгэм и дуней

Пасэрей адыгэм и къулеигъэр былымыщхьэкIэ къабжу щытащ. Ар ирахъумэну абыхэм эрахъэрт хьэфIхэр - мэлыхъуэхьэ зыфIаща лъэпкъыр.

МЭЛЫХЪУЭХЬЭР пIащ дыдэу щытын хуейкъым, ику иту килограмм 50-60 хъуу аращ. Рпэм арат зэрыщытри. Абы нэхъ рэ нэхъ хьэлъэр Къущхьэхъу щыпсэуфынутэкъым, и хьэлъагъыр къыхуехьэкIыжынутэкъым, мэл хъушэм е шы гуартэм дыгъужь кьебгъэрыкIуэм, пэмыльэщынри хэлъ. Апхуэдэ хьэхэр мэлыхъуэхьэ хъужьыгъэкъым, ар нэгъуэщI лIэужьыгъуэт - пщIантIэгъэдахэу, щыхъугъэшынэу унагъуэм ирагъэсхэм хуэдэт. Мэлыхъуэхьэм и кIапэмрэ и тхьэкIумэхэмрэ паупщIу щытащ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар дыгъужьыкIэ щхъуэжьыр япэ дыдэ здэпхъуэр тхьэкIумэрат. Абы хьэр егъэлеяуэ егъэдзыхэ. Аращи, тхьэкIумэр къыIэрымыхьэн папщIэ, паупщI. И кIэр щыIпаупщIми щхьэусыгъуэ иIэщ - хьэр щыжейкIэ эешыхьри, и пэр и кIапIэм кIэщIеупщIэ и Iу бахъэмкIэ зигъэхуэбэн хуэдэу. Зэрыгурыуэгъуэщи, щхьэукъуарэ, зи кIапIэмкIэ «зыщIэзэхъуэмэжа» хьэм дыгъужь къакIуэр кьишIэжьхэм, псым есыфу ирагъасэрт.

Мэлыхъуэхьэр гъсэн хуейуэ къалъытэркъым, абы хъумэныр и лъэм хэтщ. Къущхьэхъу дэкIхэм хьэбзитIрэ зы хьэхъурэ къызэдащтэ. Iэгъуэблагъэр иргъэщIыхун папщIэ, ирашажьэри, щIыпIэр къызэкIухь. ЦIыкIу-цIыкIуу упщIэтауэ лы цIынэ къызэдащтэри, хьэхэр здрикIуэну гъуэгум щыгъэбградз. Хьэхэм ар къагъэтурэ яшх, ауэ пщыIэм екIуэлIэжа нэужь хьэ Iус иратыркъым. Хьэхъур ирапх. Пщыхьэщхьэм мышхэуэ мэжсIа хьэбхэр пщэдджьжьым лы лъыхъуакIуэ йожьэри, лы къащыIухуа гъэгур кьызэхакIухь. Апхуэдэу губгъуэм итщ махуэ псом. ИкIи, Iэмал имыIэу, губгъуэм дыгъужь е хамэ гуэр кьихьамэ, банэу щIадзэнущ. Абыхэм я бэнэкIэр зэхыумыхынкIэ хъунущ, е уожей, е уапэжьыжьэщ. Ауэ епхауэ къэна хьэхъум, зиукIыжу, бэнэн щIедзэри, абы и щытыкIэмкIэ къыбощIэ Iэгъуэблагъэм хамэ зэрящыIэр. Хьэхъур къыкIэрыбгъэкIмэ, адреитIыр здэщыIэм уешэ.

ЦIыху ямыгъуэсэми, мэлхэр яхъумэу, пщыхьэщхьэкIэ зэхуахусыжрэ, кърахуIэжу хьэ губзыгъэ урихьэлIэнущ. Ар къызыгъэкIыр мэлыхъуэхьэр иджыри цIыкIуу губгъуэм яшэу, мэлхэм яхэсу къызэрыхъуращ.

Мэлыхъуэхьэр икъукIэ къарууфIэщ, губзыгъэщ. Хьэ пIэлпкъ псори кьапщтэу щытмэ, ахэращ нэхъ губзыгъэр. Унагъуэм дэубыдауэ дэс мэлыхъуэхьэм и къарур здихьынуркъыхуэщIэркъым, гупсысэфыркъым. Аращи, зэкIуэкIын щIедзэ, бзаджэ мэхъу. Апхуэдэхьэр губгъуэм дэщын хуейуэ аращ. НэгъуэщI зыри сэбэп хуэхъунукъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэзехуэхэм я нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэр Алборэ Токъанрэ Дзгу Ахьмэтхъанрэщ. Мы щIалэхэр цIэрыIуэ зыщIар хьэхэм хуаIэ лъагъуныгъэм и закъуэкъым, атIэ Ахьмэтхъан и хьэ Хъан нэхъ лъэщрэ нэхъ инрэ республикэ псом зэриримыIэращ (хьэхъуэхэм ящыщу), Токъан и хьэ Челлэ нэхъ абрагъуэ мэлыхъуэхьэ хьэбзэхэм зэрахэмытращ.

- Мы хьэпшыр цIыкIухэр махуипщI хъууэ аращ къызэралъхурэ, я нэри къэпщIакъым иджыри, ауэ я тхьэкIумэхэр пыдупщIащ, - хьэ пшыр цIыкIуитху хьэгъуэм кьрех Ахьмэтхъан. - Ар зыгуэрхэм гущIэгъуньшагъэу къалъытэнущ, ауэ мыпхуэдэ ныбжьым щитым деж узыр зыхащIэркъым абыхэм. Хьэ пшырхэр псынщIэу хохъуэ. Къапщтэмэ, мазэ ирикъуа хьэ пшырым килограмм 30 и хьэлъагъыу слъэгъуащ!

Апхуэдэ хьэ абрагъуэхэр дауэ къалэм зэрыщалIагъэр?! ПщыхьэщхьэкIэ, цIыхухэр щысабырыжам деж, хьэхэм кърагъэжьыхь къалэм дашри. Хьэм и ныбжьым тращIыхьри, зы километрым къыщыщIэдзауэ, и ныбжьыр хэхъуэху, километр 20 - 30-м нэс гъуэгуанэ махуэм зэпрагъэч. Губгъуэм ит мэлыхъуэхьэм къызэкикIухьыпхъэ, дыгъужь пэщIэхуэм игъэкIуэдын хуей гуащIэмрэ къарумрэ я мардэр «къалэдзэхэм» пщыхьэщхьэ къэжьхьыныбмрэ ихьэзэауэ щыпIэхэмрэ щрагъэкъуж. Я гъэзауэ хьэм и хьэлъагъыр пщыкIутэну, килограмм 90 - 100-м ноблагъэ.

Апхуэдэ мэлыхъуэхьэр губгъуэм щыпсэну пшэмэ, дауи, ипэхэм гугъу ехьынущ, щхьэхыр къытекIуэнущ, ауэ зэман дэкIрэ и хьэлъагъым килограмм 20 - 40 кIэригъэхумэ, и сэфэтым ивэжьынущ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ тхакIуэхэмрэ зыплъыхьакIуэхэмрэ Къэбэрдей тIуащIэм я Iуащхьэхэм тетхыхьу, ягъэщIагъуэу къекIуэкIащ. Нобэми абыхэм хъыбарыжь куэд тражыIыхьыж. Ауэ куэдым ящIэркъым а Iуащхьэхэр къызэрыхъуам и пэжыпIэр. Дэ нэхъ пыухыкIауэ зи гугъу тщIынур Псыхуабэрэ Минводрэ я щIыналъэм хиубыдэ Iуащхьэхэрщ.

КЪУХЬэПIЭМКIЭ укъинкIыу Минводы укъышщыхуэкIуэкIэ, япэу узыIупльэр сэмэгурабгъумкIэ къыщыт Кинжал бгы лъэлъэжращ. Зэгуэр а Iуащхьэм метр 507-рэ и льагагъыу щытащ. Абы и гъунэгъу Кокуртлы (нэгъуэибзэщ) вулканыр къыщытщ. ИжьырабгъумкIэ узыIуцIэр Верблюд Iуащхьэращ, адэкIэ Бык, Шелудиная, Бещто (ар Iуащхьиблу зэхэтщ: Медовая, Острая, Тупая, Шелудивая, мэз Iувыр «пыIэу» зыщхьэрыс Железная, Развалка, Змеевой). Абыхэм къакIэлъокIуэ Псыхуабэ и Iуащхьитхур: Лысая, Мэшыкъуэ, Золотой курган, Юцэ, Джуцэ.

Илъэс мелуани 140 - 150-кIэ узэIэбэкIыжмэ, Кавказ къуршыжьхэм я тхыцIэр хьтIыгу зыбжанэу хьы къыхэщу, мы щIыпIэхэр зэрыщыту псы пъабжьэу щытащ. Илъэс мелуан 30 - 40 ипэкIэ щIыгу гъущэхэр къэхъуащ. Ауэ нобэ тлъагъу ди къуршыжьхэр зэрыщыт дыдэм хуэдэу къыщыунэхуар илъэс мелуан 15-кIэ узэIэбэкIыжмэщ. Къыхэгъэщыпхъэщи, илъэсым миллиметр 15 - 30-кIэ Кавказым «зеIэт» нобэми.

Сыт-тIэ, Кавказ тхыцIэм пэжыжьэу, дызытепсэлъыхь Iуащхьэхэр щхьэхуэу къыщIэунэхуар? Псоми зэрытщIэщи, ЩIым и кулпщIэр пщтырщ. АпхуэдизкIэ пщтырщи, щIыр кьегъэкъуалъэри, гъуэзымрэ мафIэмрэ щы пъабжьэм щIэмызэгъэжу, щы щхьэфэм къыдрехуей. Апхуэдэущ зи гугъу тщIы Iуащхьэхэри (нэхъ тэмэму жыпIэмэ, вулканхэр) къызэрыунэхуар. Минводы и Iуащхьэхэр а щIыпIэм деж илъэс мелуани 4 хъуауэ щытщ, ауэ щы къэкъуалъэм яужь дыдэу зыкъыщигъэлъэгъуар илъэс мелуани 3,2-3,8-рэ ипэкIэщ - Iуащхьэмахуэрэ Къазбэчрэ здэщыт щы-пIэм деж къыщыпхиуду, а вулканхэр къыщыунэхуам щыгъуэ.

Минводрэ Псыхуабэрэ Iуащхьэу щыIэр къызэрыунэхуар апхуэдэущ, абы къыхэкIыу абыхэм «лакколит»-кIэ йоджэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, вулкан хъуным нэмыса. Къэхутэныгъэхэм къызэралъытэмкIэ, зэгуэр Бещто, Бык, Развалка, Железная Iуащхьэхэм щы къэкъуалъэр къыдэкIуейти, кьикIыну хунэмысурэ жыт, и кьикIыпIэр IуищIэжу. Iуащхьэ лъабжьэм щызэхуихьаса гъуэзыр гъуэгуэу щы лъабжьэм щызекIуэрт, макъ шынагъуэхэр кьирэуIуу. ЩIы къэкъуалъэр а щIыпIэхэм деж къыщикIыну къеIащ, ауэ зыкъиIэта мыхъумэ, щIыр къыхуэзгуэмытхъыу, адэкIэ Iэпхъуэурэ Iуащхьэмахуэ деж къыщыпхиудауэ аращ. Уэшхымрэ жьыбгъэмрэ Iуащхьэ зыкъэзыIэтам и щхьэфэр трилъэсыкIырти, гъуджэм хуэдэу джафэ хъужауэ лаво жар къыщIэщырт.

www.wikipedia.ru сайтым къитхащ.

И цIэр (урысыбзэкIэ - адыгэбзэкIэ)	Лъагагъыр (м)
Кокуртлы (и адыгэцIэр ящIэркъым)	406
Кинжал - Къамэ	506
Верблюд - Махъшэ	885
Бык - Гуу	817
Змейка - Къурей мэзыбг	994
Развалка (и адыгэцIэр ящIэркъым)	926
Железная - Исмэхьил и Iуащхьэ	853
Медовая (и адыгэцIэр ящIэркъым)	725
Кабанка (Тупая) (и адыгэцIэр ящIэркъым)	767
Острая (и адыгэцIэр ящIэркъым)	872
Бещтау - Iуащхьитху	1400
Лысая - Бгыху	739
Шелудивая (и адыгэцIэр ящIэркъым)	874
Машук - Мэшыкъуэ	993
Джуца 1-я (Юца) - Трамэ	973
Золотой Курган - Хьэрэмэ Iуащхьэ	884
Джуца 2-я (Джуца) - Къумыбг	1190

Къэбэрдей тIуащIэм и Iуащхьэхэр

● ФщIэуэ пIэрэ?

Адыгэбзэкlэ я фlэщыгъэцlэхэр

Анапа - Iэнэпэ (абазэбзэкIэ «къудамэм» и къежьапIэ жиIэу араща, псы къудамэ жиIэу къикIыу). Пасэрей зэман жыжьэм алыджхэм Анапэм щхьэкIэ Горгиппие, генуэзхэм Марэ, тыркухэм Бугуркъалэ жаIэу щытащ.

Адлер - 1864 гъэ пщIондэ Арыдбэ абазэ уэркъ лъэпкъым ейуэ щытащ Адлер и Iэгъуэблагъэр. ЛъэпкъыцIэр къалэм и фIэщыгъэцIэ хъужащ.

Азов - Аскъалэ, Iуэзв жаIэ.

Армавир - Ермэлыхьэблэ (Джаурхьэблэ жаIэуи щытащ), ермэлыхэр (армянхэр) зыдэс къуажэ къикIыу аращ.

Георгиевск - Гумкъалэ

Волга - Индыл

Джубга - Жьыбгъэ (ветер) е Жьыубгъу (широкая равнина) жаIэ. И пэжыпIэр фIэщыгъэцIэр псэзыпткIа диалектым елыытащ.

Кисловодск - Нартсанэ

Кишпек - КIыщ Бэч къытехьукIащ фIэщыгъэцIэр. Кишпекыпсыр зрижэ къуэм япэ дыдэ дзэзытIыкIа лIыкIи и цIэр фIащыжауэ аращ. Япэм Тыжьейуэ щытащ.

Краснодар - Бжьэдыгъу къалэ

Плановскэ -Ботэщей

Туапсе - TIуэпсы, пситIым я зэхуакум дэт, тIуащIэ жиIэу араща (Пшэнахьыуэр щIэпсэнсырэ я зэхуакум зэрыдэтыр къегъэлъагъуэ).

Сочи - ЩIачэ, Шашэ, Сашэ. Пасэрей зэманым Сочи деж щыпсэуа убыххэм абазэхэр къызэреджэу щытар «шашэ»-щ. Абы къытехьукIауэ жаIэ Сочи и цIэр. И пэжыпIэри къызэрапсэлъ бзэм елъытащ.

Ставрополь - Шэткъалэ

Шалушка - Щхьэлыкъуэ (нэхъ пасэIуэу Къуныжьей, Даутыкъуей, Щэрдан къэбблэ, ЛаукIэцIей жаIэу жытащ).

Тамбукан - Тамбий гуэл.

Майкоп - Мейкъуапэ (мэзым къыщыкI мыIэрысэ лIэужьыгъуэ, къуэ - псы щежэх щыпIэ). Меикъуэ псым кьытекIащ.

Малка (къуэпIэ лъэныкъуэр) - Ашэбей, Трамэ хуаужэ. Малка (къуэкIыпIэ лъэныкъуэр) - Хьэжьхьэблэ, Хьэгъундыкъуей.

Верхний Курп - Ислъэмей, Инарыкъуей.

Нижний Курп - Къаншыуей, Алъхъэ кьуажэ.

Каменномост - Кьармэхьэблэ, Ныр хьэблэ.

Зеленчук (псы) - Инжьыдж.

Вольный Аул - XIX лIэщIыгъэм Брамтэ жаIэу щытащ урысхэм Вольный Аул зыфIаща жьылэм щхьэкIэ.

Баксанёнок - Късэей-хьэблэ.

Аушыджэр - («греческий Инсус», Алыдж Аущым кьытекIащ), япэм адыгэхэр ДыгъужьыкъуейкIэ еджэрт.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Озоным теухуауэ

ЩыIалъэхэм къапкъырыкIыж фреонхэмрэ абыхэм я пIэ ирагъэувакэмрэ я зэраныр зэхэплъхьажмэ, илъэс 60-м и кIуэцIкIэ озоныр зэхуэкIуэжыну жыхуаIам, иджыри илъэс тIощI щIагъужащ. ЗэрыжаIам хуэдэу, цIыхум фреонхэр къимыгъэсэбэпыххэу щытмэ, 2080 гъэм иркъужьыну аращ озоныр. АпщIондэху климатым игъэтыну зыхьэхъыныгъэхэр зыхуэдэнэр зыми ищIэркъым.

Еджагъэшхэм озоныр лабораторэхэм щащIыфу зрагъэсащ. Языныкъуэ къэралыгъуэхэм псым озон кIуэцIрагъэкI, ягъэкъэбзэн папщIэ, ауэ мыльку шхуэр зэрытекIуадэм къыхэкIыу, ди деж къыщагъэсэбэпыщэркъым.

«Основы экологии» тхылъым къитхащ.

Джынасур зэбгрож

● Фысакъ!

ЦIыхур сымаджэ хъуа нэужь и Iэпкълъэпкъым и пщтырагъыр къызэрапщ термометрыр (градусникыр) къутэмэ, абы и джынасур (ртуть) зэбгрож. Абы къыхихну гъуэзыр хуабжьу щхъуэхъ гуащIэщ, уз зэхуэмыдэхэр хэпхыныкIэ щынагъуэу. Абы къыхэкIыну, асыхьэту зэщIэкъуэжьын хуейщ. Дауэ?

ДЖЫНАСУР унэ лъэгум зэхуаку иIэмэ донэ, алэрыбгъум хопщIэ, уеIусэмэ ткIуэпс цIыкIу зыбжанэу зэкIэщIожри, зэхуэпхъэсыжыну гугъу мэхъу.

ЦIыхум джынасум и гъуэзыр жьэдишэмэ, и жьэжьейхэм, тхьэмщIыгъум, щхьэкуцIым йотIысхьэри, хуэм-хуэмурэ къеузын щIедзэ. Я пэщIыкIэ и щIыфэр, жьэкIуэцIыр къощэщ, Iупсыр куэду кърегъаблэ, IукIэ гъущIымэ зыхещIэ, ныбжьэ мэхъу, щхьэр мэуз, зэпкърылэлу къонэ, Iэхэр мэкIэзыз, Iэпкълъэпкъыр мэсыс. ИкIэм-икIэжьым, псантхэуэм йоуэри, делэ ещI.

Араща, градусник фкъутамэ, пэшым щIэсхэр икIащIыпIэкIэ щIэвгъэкI. Псом хуэмыдэу сабийхэмрэ унэ псэущхьэхэмрэ. Сыту жыпIэмэ, зэщIэлындэу зэкIэщIэжа ткIуаткIуэр яфIэтельыджж хъунурэ ириджэгуну, яшхыну хэтынущ.

АдэкIэ, унэм пэшу иIэм я бжэхэр ягъэбыдэ, щхьэгъубжэхэр Iуах. Жьы зэпеуэ щыIэнкIэ Iэмал иIэкъым! КъыкIэлъыкIуэу зы цIыху балигъ гуэрым хьэфэ Iэлъэ зыIэретIагъэ, и лъакъуэхэм целлофан кърешэкI, хьыдан псыфкIэ и жьэмрэ и пэщIэ щIехъуэмэри, джынасур зэхуэхьэсыж.

Зыщывмыгъэгъупщэ! Пылесоси жьыхампхъи къэбгъэсэбэп хъунукъым, джынасур зэхуэпхусыжын уи гугъэу къепхуэкIынкIи Iэмал иIэкъым!

Джынасур зэрызэхуахьэсыжыр дагъэм хэгъэуа салфеткэщ, газет псыфкIэщ. Абы щхъухьыр нэхъ гуащIэж ищIынущ. Апхуэдэ щытынкъэ, ванъэхэр хьыфIадзэ.

Зэхуахьэсыжа джынасурэ абджкъутахуэхэмрэ псы зэрыт банкIым иралъхьэри и щхьэр быдэу хуащIыж. Джынасур кIэрыху-бжьэрыхуэхэм ящIыгъуу хьыфIадзэркъым, унитазым ирагъэжьркъым.

Джынасу грамму 2-м хьэуа кубометр мини 6 еуцIэпI! Щхъухьыр МЧС-м и лэжьакIуэхэм Iэрагъэхьэ.

Джынасу гъуэз жьэдишамэ, ар Iэпкълъэпкъым хъэзырыпкърыкIыжьыр жьэжьейхэмкIэщи, градусник къутар зэхуэзыхьэсыжа цIыхур псы куэд ефэн хуейщ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

Джэдухэм IэфI яшхыркъым

● ГъэщIэгъуэнщ

●Страус джэдыкIэр ивыкIын щхьэкIэ дакъикъэ 40-кIэ гъэвэн хуейщ.

●Къаплъэным и цIын хуэдэу и фэри щхъуэкIэплъыкIэщ.

●Жирафым и бзэгур фЫцIэщ.

●1850 гъэм Европэм ирашу Америкэм япэ дыдэу яша бзухэм адрыщI щыпсэуэхэр апхуэдизкIэ щыгуфIыкIати, къуалэбзухэр зэгуэдыху ягъэшхаэу щытащ.

●Зебрэр хужьщ, фЫцIэ хэту.

●Номинхэм цIыхухъухэм хуэдабзэу я щхьэцыр йокI.

●Блэхэр илъэсищкIэ жеифынущ, мышхэми абы имылЫкIЫу.

●Дзыгъуэшхуэхэр цIыхухэм нэхърэ илъэс мелуан 48-кIэ нэхъыжьщ.

●Хьэмбылу лIэужьыгъуэ щыIэщ шхын щимыгъуэтым дж и пкъым и процент 95-р ишхыжь. Абы щхьэкIэ къэмынэу, мэпсэу икIи ишхар къыпокIэж.

●Пасэрей Мысырым щыпсэуа лъэпкъым номинхэр Iэнэзехьэу я зэгъэсфырт.

●Къуалэбзуэхэм ящыщу колибри закъуэращ къэзымыкIухьыфырыр.

●Благъуэхэм псым нэхъ кууэр зыщIагъэмбрууэн папщIэ мывэ ирагъэнэх.

●Иужьрей илъэс мини 4-м цIыхум зы хьэкIэхъуэкIэ Iэрыпl ищIыфакъым.

●ПкIауэм и пъыр хужьщ.

●Бжьэм фо килограмм ищIын папщIэ, удз гъэгъа мелуани 2 къызэхилъэтыхьын хуейщ.

●ЩIым щыпсэуа псэущхьэхэм я процент 99-р кIуэдыжащ. Нобэ дызыщыгъуазэ псэущхьэ лIэужьыгъуэ бжьгъэншэхэр зэгуэр мы планетэм щыпсэуахэм я зы процент закъуэ хьууэ араща.

●Хьэндырабгъуэхэм шхалъэ яIэкъым.

●Европэм икIыу Австралием щепсыха зыплъыхьакIуэхэм: «Мо псэущхьэ пкIэм сыт зэреджэр?», - жаIэу щIэупщIэрт. «Кенгуру», - жэуап къатырт хэгъэрейхэм, «жьифIэр къыдгурыIуэрэкъым», - къикIыу. ЗыплъыхьакIуэхэм ар псэущхьэм и цIэущ къаззэрыгурыIуар.

●Тхьэрыкъуэм и къупщхьэхэр и цIым нэхърэ нэхъ псынщIэщ.

●Джей (кит) щыхъум нэхъ псэущхьэ ин дунейм тетхъым. Абы и бзэгур пылым нэхърэ нэхъ хьэлъэщ.

●Джэдухэм Iэфl яшхыркъым.

●Къуалэбзу щыхъухэм щыхъу плыфэр ялъагъуркъым.

●ПкIауэм макъхэр зэрызэхихыр лъакъуэкIащ.

●Жэмхэр классическэ макъамэ ебгъэдаIуэмэ шафIэ мэхъу.

●Махъшэм и нэм напIэ щырыщ тельщ, пшахъуэм щихъумэу.

●Цыжьбанэм и гур дакъикъэм 300-рэ къоуэ.

Унитазыр

Щlы лъабжьэм тенджыз щlэтщ

● Къэхутэныгъэ

Америкэмрэ Великобританиемрэ я геофизикхэм щы лъабжьэм тенджыз абрагъуэ щIэту къахутащ. Ауэ ар мыдрейхэм ещхькъым, атIэ псы куэду зэпкърыт брусит, къинэмыщI пкъыща, щыIэбэнэ зэмылIэужьыгъуэхэу зэхэлъщ.

ФIЭЩ щыIагъуэй телъыджэм щыхьэт техъуэж къэхутэныгъэхэр лабораторэм щрагъэкIуэкIащ, пщтырымрэ лъыдэуеймрэ бруситым зэрызрагъэхъуэжыр къыхэзгъэщIыкIыну. КъызэрыщIэкIымкIэ, километр 600-кIэ щыIэм уеIэбыхмэ щIэлъ бруситым жьэражьэм хэлъми, зыкIи зихъуэжьыркъым, абы пкърыт псыр къыпIэрыпхъуэри Iэмал щыIэщ. А Iуэхур урыс, нэмыцэ, франджы щIэныгъэлIэхэм гъэщIэгъэн ящыхъури, щIэрыщIэу яджащ. ИкIи псори арэзы техъуащ илъэс мелурди 2,7-рэ и ныбжьщ. ЩIы щхьэфэм псыуэ тетым нэхърэ куэдкIэ нахъыбэу щы лъабжьэм псы зэрыщIэтым.

ЩIэныгъэлIэхэм я мурадщ а псыр дунейм и щытыкIэм, щIыуэпсым къыщекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм, геологием зэрепха щыкIэр хуэхутэну.

ШЕСТАКОВЭ Ксение.

Уэшх къешха нэужь, хуиту убауэ, хьэуар щыIэтыIэу щытщ. Ар озоныр кърелъэсэкъи араща. Сыт озоныр зищIысыр?

СТРАТОСФЕРЭМ, километр 30-кIэ уафэм иIэбэмэ, щызэхуэхьэсащ озон жьыхуаIэр (Оз).

Атмосферэм озону хэтыр зэхуэпхьэсмэ, миллиметр 0,3 хъуну араща.

Дауэ-тIэ ар зэрылажьэр?!

Дыгъэм къыпих хуабэр апхуэдизкIэ гуащIэщи, ар зыгуэрым имыубыдмэ, псэущхьэхэри къэкIыгъэхэри исыжынущ. Пэжщ, витамин D-р Iэпкълъэпкъым къылъысын папщIэ, дыгъэм зегъэм хуейщ, ауэ дакъикъипщI - пщыкIутху нэхърэ мынэхъыбэу. Абы фIэкIмэ, зэранщ. ЩIыфэ лышх узыр нэхъыбэу къызыхэкIыр дыгъэращ. Дыгъэм и гуащIагъым и Iыхьэ мащIэ дыдэщ щыIгум кьэсар, и нэхъыбапIэр озоным еубыд. Стратосферэм химие пкъыгъуэ лей хьхьэмэ, абы озоныр зэпкърегъэху. Псом хуэмыдэу озонымкIэ нэхъ шыпсагъуэ дыдэр фреонращ, абыхэм хлорфторуглеродкIэ йоджэ. Ар щIылалъэхэр зэрылажьэ, щIылагъэ езыгъэIыгъыращ, аэрозолхэр, жьыхухэр (кондиционер) щащIкIи къагъэсэбэп.

1986 гъэм США-м я щIэныгъэлIхэм Антарктидэм и цIыхущыгум озоным гъуэнэшхэу щIиуэ кахутащ. Ар зэрагъэзэкIуэжыным щытепсэлъыхьа зэIущIэ 1987 гъэм Монреаль щекIуэкIащ, дуней псом къыщащIыху щIэныгъэлIхэр хэту. ЗэIущIэм унафэ къыщащтат озоныр зэпкъригъэхуу зыхуаГэфащэ фреонхэр дяпэкIэ къамыгъэсэбэпыжьыну. Абы щыгъуэ къызэрабжамкIэ, Антарктидэм и цIыхэщыгум озоным щиIэ гъуэнэр, илъэс 60-м и кIуэцIкIэ, езыр-езыру зызэхуашэжьн хуейт. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, фреонхэм я пIэ ирагъэувахэр нэхъ гуащIэжу къыщIэкIащ. ХьыфIадзэжа щыIалъэхэм къапкъырыкIыж фреонхэмрэ абыхэм я пIэ ирагъэувакэмрэ я зэраныр зэхэплъхьажмэ, илъэс 60-м и кIуэцIкIэ озоныр зэхуэкIуэжыну жыхуаIам, иджыри илъэс тIощI щIагъужащ. ЗэрыжаIам хуэдэу, цIыхум фреонхэр къимыгъэсэбэпыххэу щытмэ, 2080 гъэм иркъужьыну аращ озоныр. АпщIондэху климатым игъэтыну зыхьэхъыныгъэхэр зыхуэдэнэр зыми ищIэркъым.

Еджагъэшхэм озоныр лабораторэхэм щащIыфу зрагъэсащ. Язныкъуэ къэралыгъуэхэм псым озон кIуэцIрагъэкI, ягъэкъэбзэн папщIэ, ауэ мыльку шхуэр зэрытекIуадэм къыхэкIыу, ди деж къыщагъэсэбэпыщэркъым.

«Основы экологии» тхылъым къитхащ.

Адыгэбзэкlэ я фlэщыгъэцlэхэр

Анапа - Iэнэпэ (абазэбзэкIэ «къудамэм» и къежьапIэ жиIэу араща, псы къудамэ жиIэу къикIыу). Пасэрей зэман жыжьэм алыджхэм Анапэм щхьэкIэ Горгиппие, генуэзхэм Марэ, тыркухэм Бугуркъалэ жаIэу щытащ.

Адлер - 1864 гъэ пщIондэ Арыдбэ абазэ уэркъ лъэпкъым ейуэ щытащ Адлер и Iэгъуэблагъэр. ЛъэпкъыцIэр къалэм и фIэщыгъэцIэ хъужащ.

Азов - Аскъалэ, Iуэзв жаIэ.

Армавир - Ермэлыхьэблэ (Джаурхьэблэ жаIэуи щытащ), ермэлыхэр (армянхэр) зыдэс къуажэ къикIыу аращ.

Георгиевск - Гумкъалэ

Волга - Индыл

Джубга - Жьыбгъэ (ветер) е Жьыубгъу (широкая равнина) жаIэ. И пэжыпIэр фIэщыгъэцIэр псэзыпткIа диалектым елыытащ.

Кисловодск - Нартсанэ

Кишпек - КIыщ Бэч къытехьукIащ фIэщыгъэцIэр. Кишпекыпсыр зрижэ къуэм япэ дыдэ дзэзытIыкIа лIыкIи и цIэр фIащыжауэ аращ. Япэм Тыжьейуэ щытащ.

Краснодар - Бжьэдыгъу къалэ

Плановскэ -Ботэщей

Туапсе - TIуэпсы, пситIым я зэхуакум дэт, тIуащIэ жиIэу араща (Пшэнахьыуэр щIэпсэнсырэ я зэхуакум зэрыдэтыр къегъэлъагъуэ).

Сочи - ЩIачэ, Шашэ, Сашэ. Пасэрей зэманым Сочи деж щыпсэуа убыххэм абазэхэр къызэреджэу щытар «шашэ»-щ. Абы къытехьукIауэ жаIэ Сочи и цIэр. И пэжыпIэри къызэрапсэлъ бзэм елъытащ.

Ставрополь - Шэткъалэ

Шалушка - Щхьэлыкъуэ (нэхъ пасэIуэу Къуныжьей, Даутыкъуей, Щэрдан къэбблэ, ЛаукIэцIей жаIэу жытащ).

Тамбукан - Тамбий гуэл.

Майкоп - Мейкъуапэ (мэзым къыщыкI мыIэрысэ лIэужьыгъуэ, къуэ - псы щежэх щыпIэ). Меикъуэ псым кьытекIащ.

Малка (къуэпIэ лъэныкъуэр) - Ашэбей, Трамэ хуаужэ. Малка (къуэкIыпIэ лъэныкъуэр) - Хьэжьхьэблэ, Хьэгъундыкъуей.

Верхний Курп - Ислъэмей, Инарыкъуей.

Нижний Курп - Къаншыуей, Алъхъэ кьуажэ.

Каменномост - Кьармэхьэблэ, Ныр хьэблэ.

Зеленчук (псы) - Инжьыдж.

Вольный Аул - XIX лIэщIыгъэм Брамтэ жаIэу щытащ урысхэм Вольный Аул зыфIаща жьылэм щхьэкIэ.

Баксанёнок - Късэей-хьэблэ.

Аушыджэр - («греческий Инсус», Алыдж Аущым кьытекIащ), япэм адыгэхэр ДыгъужьыкъуейкIэ еджэрт.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Памук Орхьэн, Нобель саугъэтым и лауреат

Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ

(КІэлъыкІуэр. Пэщідзэр №№23-25, 27, 29-32-хэм итц).

Гъэмахуэку мазэм икуу зы пщыдджыжь гуэрым, хуабэм дигьэмэхауэ дыдэхэту, пщыІэм Хьайри-бей хьыгтехьащ. Дыдэныт хэкІыпІэншагъэр щыІьагъум абы жиІащ псоми щхьэжэ тщыхьуар: махуищкІэ псы къэдмыгъэтмэ, лэжьыгъэр кьигъэувыІэну зэримурадыр. Дауи, Мыхьмуд-Іэзэ хуитщ мащэр махуищ нэужьми иритІыхыну, ауэ адэкІэ ар езыращ зи Іэхэужьыр, абы и уасэ кьратыныкъым. Пэжщ, икІэм икІэжьым, абы псы кьигъэтмэ, ар Хьайри-бей фІыщІэншэ ищІынкъым, кьимыгъэзгъэ - и гугъуехьыр и фейдэуэ кІэнэжьнуц.

- Умыгузавэ, - жриІащ абы Мыхьмуд-Іэзэ. - Махуищи тедгъэкІуэдэнукъым дэ абы, махуитКІІэ псы кьуэпсым дынэсынущ.

ЦІырцІырхэр кІэлъыджэу Хьайри-бей зэрыс гур пщыІэм текІыжа иужькІэ иджыри зыкъомрэ дыщысащ зыри жыдмыІэу. Апхуэдэу дыщысурэ махуэ кьэс сыкьэт 12.30-м зы дакъикъэ мычэму Истамбул кьикІыу кьалэ цІыкІум блэкІ мафІэгури кьэсащ. Сэ жыг жьауэм деж зезгъэщІат сыщхьэкъуэн си гугъэу, ауэ жейр си нэм къекІуакъым. Си щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм егупсысыми иджы сщхьэщихыртэкъым си бамПІэр.

Дей жыгым метр щитху хэдизкІэ пэжыжьэу, псыкъуийр кьыщыгІтІ щы Іыхьэм адэкІэ щыплъагъурт ЕтІуанэ дунейпсо зауэм «кьыщІэнауэ» бетон быдапІэ. Зэгуэрым абы деплъыну дыкІуауэ, Мыхьмуд-Іэзэ жиІащ а быдапІэр бийм и танкхэмрэ лъэсыдзэмрэ пэщІэтын мурадкІэ яухуауэ зэрыщытар. Иджнысту сэ арагуэру сунэтІащ а лъэныкъуэмкІэ, абы сыщІэкІуэр сэ езым сымыщІэжу. БыдапІэм и дыхьэпІэр жьбащхъуэмрэ екІэпщІэмрэ апхуэдизкІэ зэщІищтати, сыдыхьэну сызэрыхужьыам сыхущІригъэгъуэжауэ удзыпщІэм деж сетІысэхащ, сызубыда гупсысэхэм сызэраІыгъыам хуэдэу. Дяпэ махущкІэ псы кьэдмыгъэтмэ, сэ лэжьапщІэ кьызатынукъым. Ауэ абы ипэкІэ кьызатахэр хэзбжьыкащи, схуригкъун хуэдэщ. Кьытхуагъэуба пІалъэм жьриубыдэу ди мурадыр кьыдэмыхъуІэмэз, нэхъ тэмэмыр сызыщымыгъуэнхэм сыщымыгугъуэ, кьэзлэжьа тІэкІур кьасщтэу унэм сыкІуэжыныр.

Пщыхьэщхьэм «Румелия» кьэхьэуэефапІэм и бжэІупэм дыщысу, Мыхьмуд-Іэзэ кьыізэупщІащ:

- Махуэ дапщэ хъуа псыкъуийр кьэтІтІэн зэрыщІэзддзэрэ?

Езыми ищІэрт а упщІэм и жэуапыр, ауэ итІани сэ жесІэнэр хъкищтэрти махуитІ-щы кьэс зэ кьызэупщІырт.

- Махуэ тІощІрэ плІырэ дэкІащ, - жызоІэ сэ сыхуэсакъыпэуэр.

- Нобэрей махуэрэ хьыбжа абы?

- НтІэ, нобэрейри хэзыбжащ.

- Къидгъэжькі Іыфари зэрыкъур метр 14 кьудейщ, - жиІащ Мыхьмуд-Іэзэ икІи зы напІэзыпІэкІэ и нэр кьыстриубыдащ, апхуэдэ щхьэрыгъажэ зэрыхэхуар зи ягъэр сэра нэхьей. Асыхьэтым си гур кьиІльэтыным хуэдэу хъуащ: Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр и унагуэр и гъусэу уэрамым кьрикІуэрт.

Зыри жьзмыІэу Іэнэм сыкьыпэрыкІри, мобыхэм си гур ятэзмыгъэкІыу утым и адрей лъэныкъуэмкІэ сунэтІащ, си анэм сепсэлъэну сыкІуэу Мыхьмуд-Іэзэ кьыфІэзгъэщІыну си гугъэу. Сыт сэ абыхэм яужь сыщІиувар? Абы и жэуапыр сэ езыми сщІэртэкъым. Ауэ сыхуейт Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр кьызэпІльэкІыу а и пльэкІэ гуапэмкІэ иджыри зэ кьысІуплъэну. Сэ кьысфІэщІырт а Бзылъхугъэм и нэгуфІэм, абы кьысхуищІ гупытэм дунейм и дахагъэ псори хэсІьагъуэу.

Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм дэщІыгъут абы и адэу щытынкІэ хуэну зыхуэзгъэфэща лІы мыцІыху гуэр, и анэри, и дэлъхури яужь иту якІэлъыкІуэрт. Сэ абыхэм апхуэдизкІэ гъэнэгъуу салъэщІыхьати, зэанэ-зэкъуэм зэжраІэр Іупщ1у зэхэсхырт.

«Гонеш» кинотеатрым нэса нэужь, ахэр кьыщІувыІащ бжьыхь дамэдаз-эм удэплъу къэдыгъауэу фильмым уеплъ щыхьу щІыпІэм деж. Сэ си нэр абыхэм ятезгъэкІыртэкъым. Гъунэгъуу къэслъэгъуа иужь, сэ кьызгурІуащ: Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм и нэпкъпэпкъыр апхуэдизуи дахэ дыдэу, хэбдзын хэмылъу нэгъэсауэ зэрыщымытыр. Экраным кьищІ нэху кьащхъуэр абы и нэкІум кьиізэрыртридзэр арагъэнт. Ауэ, апэми хуэдэу, абы и Іуп1 пІащхэр гуапэу кьыпыгуфІыкІырт. ПсыкъуиитІым и дэІэпыкъуэм и лэжьыгъэ мытынышыр си фэм дэхуэу тхьэмахуищым щІигъуауэ сызыгъэпсэур а гуфІэкІэ хьэлэмэтым сызэритхьэкъуарат.

ГъэщІэгъэунц, сыту пІэрэ ар зыхуэгуфІэр, зыщІигуфыкІыр? Экраным кьэтридзэ тепльэгъуэ дыхьэшхэн цІыкІухэрауэ пІэрэ хьэмэ нэгъэщІ зыгуэр? Зы тэлайкІэ сэ экраным кьэсыпльащ, зыкьыщыгъэзэжам щыгъуэ хэсслъэгъащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр кьыпыгуфыкІыуэр си лъэныкъэмкІэ кьызэрыплъэр.

Си натІэм пщІэнтІэпсыр кьытрикІуатащ. Иджы сэ сыхуейт абы сыбгъэдыхьэну, сепсэльэну. Ар сэ нэхърэ зы ильэсипщІ нэхьыбэкІэ нэхъыжьыншэкъым.

- Фынакіуэ, иджы ФІэдгъэкІмэ, дыгуэнущ, - жиІащ Бзылъхугъэм и адэу кьэслъытэ Ілым.

А сыхьэтым сэ фІы дыдэу кьызгурыІуэжьиртэкъым сщІэр, уеблэмэ иджыпстуи Іупщ1у кьысхуэгубзыгъэжьыркъым: си гугъэжьмкІэ, сэ абыхэм сабгъэдыхьэри сабгъурыуващ.

- Мыр сыт зищІысыр? - жиІэри кьэуІэбжащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм и дэлъхур.

- Тургай, хэт ар? - кьеупщІащ абы и анэр.

- Ухэт уэ? - кьызоупщІ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм и дэлъхур.

- Ар сэлэту ара? - щІоупщІэ абыхэм я адэр.

- Тхьэм щхьэкІэ, дэнэ кьыкІа сэлэт, бей цІыкІу гуэру аращ, - жеІэ я анэм.

А псэльэмакъэр кьежьауэкІэ сыкІуэ, - жызоІэ сэ сыхуэсакъыпэуэр.

- Нобэрей махуэри хьыбжа абы?

- НтІэ, нобэрейри хэзыбжащ.

- Къидгъэжькі Іыфари зэрыкъур метр 14 кьудейщ, - жиІащ Мыхьмуд-Іэзэ икІи зы напІэзыпІэкІэ и нэр кьыстриубыдащ, апхуэдэ щхьэрыгъажэ зэрыхэхуар зи ягъэр сэра нэхьей. Асыхьэтым си гур кьиІльэтыным хуэдэу хъуащ: Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр и унагуэр и гъусэу уэрамым кьрикІуэрт.

Зыри жьзмыІэу Іэнэм сыкьыпэрыкІри, мобыхэм си гур ятэзмыгъэкІыу утым и адрей лъэныкъуэмкІэ сунэтІащ, си анэм сепсэльэну сыкІуэу Мыхьмуд-Іэзэ кьыфІэзгъэщІыну си гугъэу. Сыт сэ абыхэм яужь сыщІиувар? Абы и жэуапыр сэ езыми сщІэртэкъым. Ауэ сыхуейт Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр кьызэпІльэкІыу а и пльэкІэ гуапэмкІэ иджыри зэ кьысІуплъэну. Сэ кьысфІэщІырт а Бзылъхугъэм и нэгуфІэм, абы кьысхуищІ гупытэм дунейм и дахагъэ псори хэсІьагъуэу.

Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм дэщІыгъут абы и адэу щытынкІэ хуэну зыхуэзгъэфэща лІы мыцІыху гуэр, и анэри, и дэлъхури яужь иту якІэлъыкІуэрт. Сэ абыхэм апхуэдизкІэ гъэнэгъуу салъэщІыхьати, зэанэ-зэкъуэм зэжраІэр Іупщ1у зэхэсхырт.

«Гонеш» кинотеатрым нэса нэужь, ахэр кьыщІувыІащ бжьыхь дамэдаз-эм удэплъу къэдыгъауэу фильмым уеплъ щыхьу щІыпІэм деж. Сэ си нэр абыхэм ятезгъэкІыртэкъым. Гъунэгъуу къэслъэгъуа иужь, сэ кьызгурІуащ: Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм и пщ